



Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN SAN PRESEDAN POU REVITALIZE ENFRASTRIKTI NAN BRONX

*Depatman Transpò Eta a ap resevwa 150 milyon dola sibvansyon federal pou ede transfòme Cross Bronx Expressway avèk wout koneksyon kominotè miltimodal la ki gen ladan vwa bis ak chemen ki rezève pou siklis ak pyeton yo*

*Pwojè a baze sou siksè presedan Eta New York yo nan transfòme enfrastrikti atravè Sid Bronx*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dènye etap enpòtan nan angajman san presedan Eta New York la pou revitalize enfrastrikti atravè South Bronx. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York te resevwa yon sibvansyon federal 150 milyon dola pou ede transfòme yon premye seksyon Cross Bronx Expressway avèk adisyon yon wout koneksyon kominotè miltimodal, ki gen vwa pou otobis ak chemen espesyal pou bisiklèt ak pyeton, k ap sèvi kòm yon koneksyon lokal ant Boston Road nan lwès ak Rosedale Avenue nan lès. Sibvansyon an, ki vin posib grasa Pwogram Nasyonal Asistans Enfrastrikti (National Infrastructure Assistance Program, MEGA)/Enfrastrikti pou Rebati Etazini (Infrastructure for Rebuilding America, INFRA) nan kad Lwa Bipatit sou Enfrastrikti, pral ede akselere pwogrè istorik yo fè pou rekonekte kominote Bronx yo lè nou korije erè planifikasyon nan tan pase yo, pwoteje sante ak amelyore sekirite.

"Gen gwo bagay k ap pase nan South Bronx epi nou vreman gen entansyon kontinye ak elan sa a – yon bagay ke nouvo sibvansyon sa a ak Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a pral ede nou fè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Cross Bronx Expressway se yon wout ki gen potansyèl san limit pou transfòmasyon, epi alokasyon fon federal sa yo pral poze yon fondasyon solid pou kreye enfrastrikti ki nesèsè pou kontinye rekonekte kominote sa a, menm jan n ap fè nan Hunts Point. Pandan sa a se yon premye etap nan yon pwosesis long, li se youn enpòtan ki pral avanse objektif nou nan rekonekte kominote yo nan reyimajine enfrastrikti enpòtan pou benefisye moun yo ap viv la, pandan y ap ede diminye enpak negatif nan trafik machin ak polisyon. Mwen remèsye Administrasyon Biden-Harris la ak tout moun nan delegasyon Kongrè New York la ki te vote pou Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a epi ki te rann sibvansyon sa a posib pou Sid Bronx."

Bati sou investisman san parèy Eta a pou amelyore enfrastrikti nan Sid Bronx ak amelyore kalite lavi pou rezidan li yo – investisman ki gen ladan Pwojè Amelyorasyon Aksè Hunts Point 1.7 milya dola k ap kontinye ak Sheridan Boulevard ki fèk fini – konektè kominote miltimodal Cross Bronx Expressway la se yon eleman enpòtan nan reyabilitasyon Depatman Transpò Eta New York oswa ranplasman senk Pon Cross Bronx Expressway ant pwojè Boston Road ak Rosedale Avenue, ki pral kòmanse an 2026. Pwojè sa a pral reyabilite oswa ranplase senk pon ak wout aksè k ap deteryore, epi konsevwa ak konstwi yon nouvo ranp ki konekte Bronx River Parkway nan direksyon sid ak Cross Bronx Expressway nan direksyon lwès.

Wout koneksyon kominotè miltimodal la ap sèvi kòm yon lòt etap nan direksyon pou rezoud enkyetid ke manm kominote yo te eksprime depi plizyè ane konsènan nesosite pou bay pi gwo koneksyon lès/wès pou pyeton, siklis ak sikilasyon; epi amelyore aksè nan transpò piblik. Nouvo konektè a pral prezante liy otobis ak chemen espesyal pou bisiklèt ak pyeton ki pral amelyore koneksyon transpò pou rezidan katye yo sou toude bò Rivyè Bronx lan. Anplis de sa, li pral bay yon koneksyon dirèk ak Starlight Park, yon ekipman lwazi ki gen plizyè aspè, ak Bronx River Greenway.

Wout koneksyon kominotè miltimodal la pral non sèlman sèvi objektif enpòtan sa yo lè yo fini, men tou li pral sèvi yon wòl enpòtan kòm yon wout detounman/detou tanporè ki pral anile nesosite pou fèmti alontèm yon vwa nan chak direksyon Cross Bronx Expressway epi pèmèt konstriksyon pon yo fini nan kat ane olye sis. Pwojè a mande konstwi yon nouvo wout detou dabò, ki pral anile nesosite pou detounen trafik nan lari lokal yo epi pèmèt travay la kontinye pi vit ak pi efikas. Yon fwa travay pon an fini, wout detou a pral rekonfigire pou l vin tounen yon konektè kominote miltimodal ki bay nouvo aksè pou bisiklèt, pyeton ak vwa pou otobis. Li pral rekonekte tou kominote ki te separe pandan plizyè ane piske pa te gen okenn koneksyon pyeton sou ray tren yo ak depo otobis ki chita anba pon pwojè yo.

Anplis de nouvo wout konektè a, travay reparasyon an bon eta ki fèt sou senk pon yo se yon baz pou atenn objektif jeneral yon etid ke eta a ak vil la ap pwogrese kounye a pou reyimajine koridò Cross Bronx Expressway la.

An 2022, Depatman Transpò Ameriken an (USDOT) te bay yon sibvansyon 2 milyon dola nan kad pwogram Rebati Enfrastrikti Ameriken avèk Dirabilite ak Ekite (Rebuilding American Infrastructure with Sustainability and Equity, RAISE) pou eta a ak vil la pou fè patenarya sou yon etid kominotè ki pral reyimajine lavni transpò ak rezo kominotè nan Bronx, rezilta yo gen pou l fini nan fen 2024.

Pwojè sa a kounye a nan faz teknik preliminè. NYSDOT pral rankontre lidè anviwònman yo, konsèy kominotè Bronx yo, ak piblik la nan prentan ak ete 2024.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Gouvènè Hochul ap fè plis pou rekonekte kominote yo atravè New York pase nenpòt lidè nan peyi a epi sibvansyon sa a pral ede konstwi sou investisman transfòmasyon Administrasyon li a ap fè nan Bronx. Pwojè konektè Cross Bronx

Expressway la se yon gwo pa annavan nan rekonekte kominote yo sou toude bò Rivyè Bronx la. Konbine avèk vwa espesifik pou otobis yo ak zòn pou bisiklèt ak mache, konektè sa a pral kontribiye nan lavi aktyèl la ak reyimajine lavni Cross Bronx Expressway la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li pou pwojè sa a ansanm ak Administrasyon Biden paske l fè sibvansyon diskresyonè federal sa yo disponib pou pwojè tankou sa a, ki mete fondasyon pou envestisman ki vrèman chanje jwèt la ki mennen nan kominote pwospè yo."

Sibvansyon 150 milyon dola pou konektè kominote miltimodal la se dènye sipò administrasyon Biden-Harris pou transfòmasyon Cross Bronx Expressway, esansyèl pou entegrite jeneral estrikti a, epi li nesèsè pou nenpòt amelyorasyon alavni pou diminye piblik enpak sou sante Cross Bronx Expressway ak rekonekte kominote yo li divize jodi a.

Transfòmasyon koridò Cross Bronx Expressway se yon pati nan angajman kontinyèl Eta New York pou adrese defi enfrastrikti ki la depi lontan nan Bronx epi amelyore kalite lavi pou tout rezidan yo. An 2018, eta a te kòmanse konstriksyon Pwojè Amelyorasyon Arthur Sheridan. Pwojè a te retire deziyasyon Sheridan Expressway (Otowout Sheridan) kòm yon otowout pou wout la transfòme an yon nouvo boulva iben ki pral bay rezidan ak vizitè yo yon koneksyon dirèk avèk bò dlo Rivyè Bronx a ak Pak Starlight.

Efò sa yo ap kontinye ak Pwojè Amelyorasyon Aksè Interstate Hunts Point, ki pral bay aksè dirèk nan Hunts Point Market soti nan Bruckner Expressway ak Sheridan Boulevard ki fèk kreye, pou retire trafik sou wout lokal yo epi pou redui bri ak polisyon lè a. Pwojè a gen ladan konstriksyon yon nouvo chemen pou itilize yon fason pataje ant Concrete Plant Park ak Garrison Playground ak yon nouvo pon pou pyeton Bryant Avenue. Nan mwa out 2023, Gouvènè Hochul [te anonse](#) dezyèm faz pwojè a. Dènye faz pwojè a prevwa fini an sezon otòn 2025 la.

Nan mwa me 2023, Gouvènè Hochul [te anonse](#) jodi a kòmansman yon pwojè 44.7 milyon dola pou reyabilite pon ki konekte Bruckner Expressway la ak Rosedale Avenue nan Bronx. Pwojè a pral retabli ak modènize pon an pou amelyore sekirite ak fasilite vwayaj sou atè komèsyal la ak banlye enpòtan sa a nan Rejyon Vil New York.

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Lè w gade Cross Bronx Expressway, ou wè gwo vwa yo, machin yo, polisyon ak dekoneksyon an. Se poutèt sa, anba Administrasyon Biden-Harris, nou finalman te gen chans pou repare kèk nan tò enfrastrikti nan tan lontan an te lakòz, tou de an tèm de polisyon ak sikilasyon nan Bronx. Bon, nou pa sèlman te pran chans lan, nou te pwofite meye pati a nan yon montan ki se 150,000,000 dola. Sibvansyon MEGA genyen sa a pral ede etabli vwa ki espesifik pou otobis, ansanm ak chemen pou siklis ak pyeton. Sa yo se karakteristik enfrastrikti jodi a Bronx non sèlman bezwen, men li merite, epi mwen espere kòmanse travay yo byento."

**Reprezantan Ritchie Torres, te deklare,** "Avèk trafik kamyon dyezèl k ap polye lè rezidan yo respire chak jou, Cross Bronx Expressway se yon estrikti rasis nan sans

literal ak metafò. Finansman sa a pèmèt Depatman Transpò Eta New York korije tò Robert Moses ak plizyè dizèn ane neglijan ki te soumèt abitan Bronx yo nan nivo polisyon danjere. Envestisman estratejik sa a chita sou angajman eta a pou amelyore enfrastrikti nan kominote ki pi bezwen li, avèk kòm egzant pwojè tankou Pwojè Amelyorasyon Aksè Hunts Point 1.7 milya dola ak Sheridan Boulevard ki fèk fini. Mwen remèsye Depatman Transpò, Delegasyon Kongrè New York, Gouvènè a, ak tout patnè ki te travay pandan plizyè dizèn ane pou asire Cross Bronx se yon kote ki pi an sekirite pou tout moun".

**Reprezantan Alexandria Ocasio-Cortez, te deklare,** "Nou kontan dèske Depatman Transpò a bay 150 milyon dola pou rann Cross Bronx Expressway plis adapte pou pyeton ak transpò piblik. Gen anpil bagay pou fè pou abòde enjistis istorik anviwònman an nan enfrastrikti epòk Robert Moses, e sa se yon etap nan bon direksyon an. Nou p ap sispann jiskaske nou fèmen nèt Cross Bronx Expressway la."

**Senatè Eta a, Luis Sepúlveda te deklare,** "Anons Gouvènè Hochul sou sibvansyon federal 150 milyon dola pou transfòme Cross Bronx Expressway se yon etap monimantal pou South Bronx. Envestisman sa a nan yon wout koneksyon kominotè miltimodal la pral non sèlman amelyore koneksyon, men tou, diminye anbouteyaj epi ouvri nouvo avni lwazi. Li reprezante yon angajman pou revitalizasyon enfrastrikti nou an, ki benefisye pyeton, siklis yo, ak tout kominote a. Se yon moman fyè pou Eta New York, ki montre devouman nou pou konstwi yon avni ki priyorize efikasite ak byennèt sitwayen nou yo."

**Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare,** "Anons 150 milyon dola pou ede transfòme Cross Bronx Expressway make yon lòt moman enpòtan nan istwa Bronx lan. Depi kreyasyon li, Cross Bronx Expressway te lakòz dezinvestisman nan anpil nan kominote nou yo, ogmante pousantaj opresyon, epi separe abitan Bronx yo ak sa ki te yon fwa te resous fasilman aksesib. Mwen vle remèsye Depatman Transpò Eta New York ak Gouvènè Kathy Hochul paske yo te konprann kijan envestisman sa a nesèsè ak transfòmasyon pou tout abitan nan Bronx yo. Nou pa ka tann pou n wè ki jan envestisman sa yo pote nouvo opòtinite pou kominote Cross Bronx Expressway te afekte dirèkteman epi pou n wè envestisman kontinyèl pou repara tò tan pase yo."

**Manm Asanble a Kenny Burgos, te deklare,** "Sibvansyon federal 150 milyon dola sa a se yon envestisman tanjib Nouyòkè pral benefisye pou plizyè deseni k ap vini yo. Se yon temwayaj sou devouman eta a pou rekonekte katye yo ak byennèt kominote li yo. Mwen espere fini pwojè sa a ansanm ak envestisman nan transpò alavni ki pral benefisye plizyè milyon vwayajè k ap travèse minisipalite nou an chak ane."

**Manm Asanble Karines Reyes te deklare,** "Mwen aplodi Gouvènè Hochul, NYS DOT, ak gouvènman federal la pou envestisman enpòtan sa a nan kominote mwen an ak nan Konte Bronx. Sibvansyon enpòtan sa a pral rann zòn konjesyon sa a pi an sekirite pou elektè mwen yo ak pyeton yo, pandan n ap travèse wout la ak lari ki alantou yo. Pandan n ap kontinye finanse mezi pou bese efè negatif Cross Bronx Expressway, mwen rete avèk espwa ke envestisman transfòmasyon yo pral mennen nou nan yon jou kote gwò

otowout sa a kouvri oswa pare, pou Bronxites yo ka reprann espas valab pou rekreyasyon ak pi bon jan kalite lè."

**Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare,** "Yon investisman nan revitalizasyon Cross Bronx Expressway, se yon investisman nan avni minisipalite nou an. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul ak Depatman Transpò Eta New York pou lidèchip yo ak angajman yo genyen anvè ekite transpò. Nou espere wè pwojè sa a reyalize ak plis sipò pou siklis nou yo, pasaje bis yo, ak pyeton nou yo nan minisipalite a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)